

Sanggit lan Pangolahing Basa Sajrone Carita Sambung “Guwa Banger” Anggitane Tiwiek.S.A

Lia Juliana Dewi

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (Liajulianadewi@gmail.com)

Abstrak

Cerbung “*Guwa Banger*” mujudake asil riptan sastra kasusastran jawa modern kang kawangun saka gaya utawa *style*-ing pangripta ngenani rerakitaning tetembungan kang tumata apik. Cerbung iki uga mujudake carita kadurjanaan kang bisa nenuntun pamaos tumrap pamikir lang pangrasane pangripta tumrap babagan tartamtu. Underaning panliten sajrone panliten iki, yaiku : (1) kepriye sanggit kang digunakake minangka *style* dening pangripta sajrone Cerbung “*Guwa Banger*”? (2) kepriye *style* pangripta ngenani pangolahing basa sajrone Cerbung “*Guwa Banger*”?

Tujuwan panliten iki kaperang dadi loro, yaiku tujuwan umum lan tujuwan mligi. Tujuwan umum, yaiku panliti pengin njlentrehake tumrap bebrayan ngenani *style* pangripta sajrone riptan sastra kang awujud cerbung kanthi irah-irahan “*Guwa Banger*”. Dene tujuwan mligine yaiku kanggo njlentrehake : (1) sanggit kang diandharake minangka *style* dening pangripta sajrone cerbung “*Guwa Banger*”, (2) *style* pangripta ngenani pangolahing basa sajrone cerbung “*Guwa Banger*”. Paedah panliten iki kaperang dadi telu, yaiku : (1) paedah panliten tumrap panliti, (2) paedah tumrap pamaos, (3) paedah tumrap sastra jawa modern. Teori kang digunakake yaiku teori stilistika, yaiku teori kang digunakake kanggo medhar *style* utawa gaya pangripta. Sanggit kang mujudake gaya *bercerita* pangripta nggunakake pamarekan struktural. Pangolahing basa kang mujudake gaya *berbahasa* pangripta nggunakake teori ngenani unsur *style* kabasan.

Panliten iki mujudake panliten kualitatif kanthi nggunakake ancangan *kualitatif deskriptif*. Sumber data panliten iki yaiku sawijining cerbung, kanthi irah-irahan “*Guwa Banger*” anggitane Tiwiek SA kang kapacak ing kalawarti Panjebur Semangat, karakit dadi 27 edisi, tanggal 16 Oktober 2010 nganti 16 April 2011. Data kang dikumpulake sajrone panliten iki awujud tembung, *frase*, gatra, lan pada kang ngandung katrangan ngenani wujud sanggit lan pangolahing basa kang sesambungan kalawan *style*-ing pangripta sajrone cerbung “*Guwa Banger*”.

Asiling panliten nuduhake sanggiting pangripta kang mujudake *style*-ing pangripta kang digunakake sajrone cerbung “*Guwa Banger*” yaiku ngenani *Guwa Banger* minangka Carita Kadurjanaan. *Guwa Banger* minangka carita kadurjanaan njlentrehake ngenani sesambungane unsur-unsur *intrinsik* kang mujudake gaya *bercerita* utawa sanggiting pangripta.

Style-ing pangripta ngenani pangolahing basa sajrone cerbung “*Guwa Banger*” nggunakake saperangan unsur *style* kabasan. Unsur *style* kabasan kang digunakake ing antarane : (1) Unsur Leksikal kang kaperang adhedhasar sipat *sintagmatik* lan *paradigmatik*. (2) Unsur Gramatikal ngenani jisining ukara dumadi saka 4 jinis yaiku, ukara *deklaratif*, ukara *interogatif*, ukara *imperatif*, ukara *interjektif*. (3) Retorika sesambungan kalawan majas kang kaperang dadi 4 jinis, yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, majas *pasemon*, lan majas *pertentangan*. Majas *perbandingan* kang ana sajrone cerbung “*Guwa Banger*” yaiku majas *alegori*, majas *alusio*, majas *metafora*, majas *antonomasia*, majas *metonimia*, majas *hiperbola*, majas *personifikasi*, majas *disfemisme*, majas *asosiasi*. Jinis majas kapindho yaiku majas *penegasan*, majas *penegasan* kang ana sajrone cerbung “*Guwa Banger*” yaiku majas *repetisi*, majas *pararima*, majas *tautologi*, majas *elipsis*, majas *polisidenton*, majas *asindenton*. Majas *pasemon* kang mujudake majas kaping telu kang ana sajrone cerbung “*Guwa Banger*” yaiku majas *sarkasme*, majas *ironi*, majas *Innuendo*. Majas *pertentangan* kang ana sajrone cerbung “*Guwa Banger*” yaiku majas *antithesis* lan majas *paradoks*.

A. PURWAKA

Pamilih lan panganggone basa sastra kaya-kaya nglirowakake tata basa sajrone ilmu linguistik kang sesambungan kalawan struktur kabasan. Nurgiyantoro (2002: 274) ngandharake, yen basane sastra yaiku arupa basa kang nduweni ciri *deotomatisasi*, ora rinakit kalawan tata carane pocap kang asipat *otomatis*, rutin, biyasa lan lumrah. Basane sastra kang nglirowakake norma-norma kabasan umume, nduweni tujuwan kanggo mikolehi *efek* kaendahan. Sajrone karya sastra, *efek* kaendahan kang gegayutan kalawan panglirowane struktur kabasan, diwujudake kanthi pangolahing basa kang diarani lelewaning basa.

Lelewaning basa mujudake kaendahan sajrone karya sastra, sajrone maneka warnaning genre sastra. Genre sastra pancen maneka warna ing saben periode sastra. Mangkono uga sajrone genre sastra ing Jaman

Kasusastran Jawa Modern. Sajrone jaman Kasusastran Jawa Modern, ana *genre* sastra kaya novel, carita sambung utawa cerbung, carita cekak utawa cerkak, geguritan, lan drama. Geguritan mujudake genre sastra kang asring nggunakake lelewane basa. Kasunyatane, sajrone genre sastra kang awujud gancaran, kejaba lelewaning basa, pangripta uga nggunakake gaya kang lumrahe kinandhut sajrone plot kang mesthi wae sesambungan kalawan unsur pamanguning Karya Sastra liyane. Ratna (2009: 387) ngandharake yen gaya mujudake *energi proses kreatif*. Kanthi gaya, sawijining karya sastra nggayuh kepriye carane pangripta ngandharake kaendahan. Sajrone guritan kinandhut ing gaya, sajrone gancaran kinandhut sajrone plot, sajrone drama saliyane plot uga dialog. Gaya kang kinandhut sajrone plot sajrone riptan gancaran, lumrahe diwujudake kanthi gaya *bercerita* pangripta (sanggiting

carita). Gaya *bercerita* tegese carane pangripta ngandharake samubarang kang bisa nenuntun pamaos menyang bab kang dikarepake. Bab kaya mangkono yen sajrone pewayangan pancen diarani sanggit. Sanggit sajrone karya sastra maneka warna wujud, gumantung kalawan kepriye pangripta medhar lan nggayutake unsur-unsur kang mangun karya sastra kasebut. Unsur-unsur kasebut bisa kawedhar kanthi nggunakake analisis struktur.

Gaya sajrone reriptan gancaran ora mung gegayutan kalawan gayane carita pangripta, nanging lelewane basa uga kinandhut sajrone wujud kabasan reriptan gancaran kasebut. Panganggone tetembungan sajrone ukara kang nduweni makna ora samesthine, mujudake gayane pangripta, bisa kawedhar kanthi nggunakake ancangan linguistik. Banjur gaya *bercerita* kang sesambungan kalawan plot lan analisis struktur kaya kang wis diandharake mau bisa kawedhar kanthi nggunakake ancangan sastra. Ancangan linguistik lan ancangan sastra kanggo medhar *stile*-ing pangripta sajrone karya sastra gancaran kasebut diarani stilistika.

Kaya kang wis diandharake mau, reriptan karya sastra maneka warna, salah sawijining wujud gancaran yaiku cerbung. Cerbung utawa carita sambung meh padha kalawan novel. Tegese meh padha yaiku minangka reriptan gancaran nanging nduweni wujud kang beda, yen novel awujud buku lan biyasane sak edhisi langsung tamat. Cerbung awujud carita kang sambung sinambung lan lumrahe kapacak ing kalawarti nganti pirang-pirang edhisi.

Salah sawijining cerbung kang nengenake panggunane gaya mau, yaiku cerbung kanthi irah-irahan “Guwa Banger”. Cerbung iki narik kawigaten kanggo katliti, amarga reriptan mau ngandhut gaya kang bisa nuntun pamaos menyang pamikir lan pangrasane pangripta. Pamikire pangripta sajrone cerbung iki apik banget. Ana sajrone cerbung mau kawedhar sawijining carita kadurjanan kang mujudake tema cerbung kasebut lan ditata kanthi apik, sinambungan kalawan unsur-unsur pamanguning karya fiksi liyane. Sanggit lan lelewaning basa kang kasil ndadekake pamaos rumangsa nyawiji sajrone carita. Saliyane motif carita kadurjanan kang ditata apik, pangripta uga nggunakake tetembungan kang ngandhut sawenehing lelewaning basa. Sauntara tetembungan digunakake kanthi dipilih lan dipilah supaya bisa narik kawigatene pamaos. Cerbung kanthi irah-irahan “Guwa Banger” kang sabanjure katulis “CGB”, mau kapacak sajrone kalawarti Panjebur semangat (27 edhisi cacahé). Reriptan mau mujudake asil saka reriptane pangripta kang wis kawentar yaiku Tiwiek S.A.

Panliten iki nggunakake kajian stilistika tumrap cerbung “Guwa Banger”. Kaya kang wis diandharake mau, ana saperangan lelandhesan perkara kang nyebabake cerbung kasebut nggunakake kajian stilistika. Sepisan, yaiku gaya sajrone lakon utawa sanggit kang awujud gaya *bercerita*-ne pangripta kang ana sesambungane kalawan unsur *intrinsik*-ing karya sastra. Bab iku mau bisa kawedhar kanthi nggunakake stilistika kang nengenake teori sastra yaiku struktural. Kapindho yaiku aspek pangolahing basa sajrone CGB dening pangripta kasebut kang diwujudake kanthi lelewaning

basa lan bisa kawedhar kanthi nggunakake kajian stilistika kanggo medhar *stile* pangripta kang arupa wujud kabasan kasebut. Mula saka lelandhesan kang wis dijlentrehake mau panliten iki kaleksanan mawa irah-irahan *Sanggit lan Pangolahing Basa sajrone Carita Sambung “Guwa Banger” anggitane Tiwiek S.A.*

B. METODHE

Panliten iki mujudake panliten kualitatif kanthi nggunakake ancangan *kualitatif deskriptif*. Sumber data panliten iki yaiku sawijining cerbung, kanthi irah-irahan “Guwa Banger” anggitane Tiwiek SA kang kapacak ing kalawarti Panjebur Semangat, karakit dadi 27 edisi, tanggal 16 Oktober 2010 nganti 16 April 2011. Data kang dikumpulake sajrone panliten iki awujud tembung, *frase*, gatra, lan pada kang ngandut katrangan ngenani wujud sanggit lan pangolahing basa kang sesambungan kalawan *style*-ing pangripta sajrone cerbung “Guwa Banger”.

C. ANDHARAN

1. Sanggiting Pangripta sajrone CGB

Sanggit kang dikarepake ing panliten iki yaiku ngenani gegayutane unsur kang mangun karya sastra utawa kepriye cara pangripta carita ngenani bab tartamtu kanthi nggayutake unsur-unsur kasebut, nanging ing bab iki luwih diandharake kanthi jembar ngenani gegayutan unsur *intrinsik*. Unsur kang luwih onjo diwedharake luwih dhisik banjur nggayutake unsur intrinsik liyane, kanthi gegayutan saben-saben unsur kasebut bisa dimangerteni sanggiting pangripta sajrone CGB.

Guwa banger minangka carita kadurjanan, kawangun saka sawenehing gaya *bercerita* kang khas diandharake dening pangripta. Gaya khas kang diandharake pangripta kasebut kawedhar kanthi anane carita kadurjanan ing saben-saben bageyan. Carita kadurjanan ing saben bageyan kasebut kawangun kanthi nggayutake sawenehing unsur intrinsik. Pamilihing CGB minangka carita kadurjanan dibuktekake kanthi anane sawenehing trap-trapan. Sawise maca CGB banjur ngrantam kedadeyan lan prekara-prekara sajrone CGB, pinilih tema kang trep kalawan carita lan kedadeyan kang asring ana sajrone carita, yaiku tema kadurjanan. Tema kadurjanan minangka tema kang dipilih sajrone CGB amarga paraga utama kang aran Sona Drubiksa dicaritakake ing kawitan carita nganti ing pungkasan minangka durjana. Durjanane paraga utama dudu minangka landhesan kang utama dipilih tema kadurjanan, kedadeyan-kedadeyan kang gegayutan kalawan paraga utama uga minangka landhesan dipilih tema kasebut. Tema bisa ditemtokake kanthi mangerteni isi lan makna sajrone karya sastra. Makna-makna sajrone carita kang dikarepake uga makna pokok kang mujudake lelandhesaning carita, sawise mangerteni makna pokok carita kasebut banjur bisa nemtokake tema. Makna bisa dimangerteni saka solah/tumindak, patrap lan kedadeyan-kedadeyan kang asring tuwuh sajrone carita.

Sona Drubiksa sabanjure katulis “SD” kang mujudake paraga utama ing kawitan dicaritakake minangka brandhal kayu kang *pensiun dini*. *Pensiun dini* kasebut disebabake kayu sajrone alas kang wis ludes dicolongi dheweke lan kanca-kancane. Sawise bangkrut,

entek banda donyane lan ditinggal bojone sakloron, SD kang nduweni pakulinan ma lima nduweni pepenginane bisa ndadekake uripe kaya biyen, tegese sugih banda donya lan dikupengi wong wadon ayu-ayu. Pepenginane SD iku kamangka diwujudake kanthi nglakoni pakaryan kang ora beda adoh kalawan pakaryane ksadurunge, yaiku dheweke nduwe pamikiran dadi brandhal kang sabenere. SD kang kasil mikolehi andhahan kanggo mujudake pamikirane dadi brandhal kang sabenere pranyata nindakake pakaryan kang luwih durjana tinimbang pakaryan sadurunge, kabukti ing cuplikan ing ngisor iki :

...Kadhung kulina urip mubra-mubru, kok ujug-ujug malih mlarat. Cetha yen ora betah. Sidane ya kuwi mau, aku alih *profesi* dadi benggol rampog kaya sing daklakoni pirang dina pungkasa iki. Ora ketang mung rampog kampung sing *target operasine* trima wong nduwe gawe. Ning rak ana istimewa. Prampogan kaya ding daktindakake sakanca iki *modus operandi*-ne durung ditindakake prampog liya. Murni asil gagasanku!... (GB edhisi 11, PS-52/2010)

Saka cuplikan iku mau, pranyata pakaryan kang ditindakake yaiku dadi benggol rampog. Dadi brandhal kayu pancen ora langsung nuwuhake rugi tumrape manungsa, nanging suwening suwe alas kang gusis bakal nuwuhake rugi tumrap bebrayan. Benggol rampog langsung cetha ngrugekake wong liya, apa maneh sing dirampog yaiku wong nduwe gawe. Ora mung dadi rampog, sajrone CGB dicritakake yen SD uga mbegal, kaya cuplikan ing ngisor iki:

...Aku banjur njlentrehake rencanaku kuwi. Wose, sawise kasil nggasak dhuwit buwuhan nang omahe Mantri Samijo, genti mblancang lakune pengiring manten lanang. Njur ing papan kang sakira aman, kene mbegal...(GB edhisi 13, PS-2/2011)

Saka saperangan cuplikan kuwi mau dimangerteni pakaryan kang ditindakake SD yaiku dadi rampog, malah uga mbegal. Mbegal lan rampog mujudake kadurjanaan kang padha-padha ndadekake pawongan liya rugi, nanging mbegal lan ngrampog beda. Begal: kn. durjana kang ngadhang ing dèdalan; di-[x]: dirêbut barang darbèke dening begal; [x]-an: 1 babagan wong dibegal; 2 ent. sandhungan, alangan (Poerwadarminto, 1937: 107), saka teges kasebut bisa dimangerteni yen mbegal ditindakake kalawan durjana begal kanthi ngadhang pawongan ing. Ngrampog: kn. 1 ngrocok ing gégaman bêbarêngan wong akèh; 2 ngècu, nêmpuh bêbarêngan nêdya njarah-rayah; kc. Rampog (Poerwadarminto, 1937: 1331), saka teges kasebut bisa dimangerteni yen ngrampog ditindakake kalawan durjana rampog kanthi mara menyang pawongan kang bakal dirampog rame-rame.

Carita-carita kadurjanaan kang mujudake tema sajrone CGB diandharake kanthi cetha. Pranyata carita-carita kang onjo kasebut luwih narik kawigatene pamaos

kanthi anane sesambungan sebab akibat. Sesambungan sebab akibat sajrone carita CGB mujudake lakuning carita. Lakuning carita kadurjanaan sajrone CGB diwujudake kanthi anane sesambungan sebab akibat. Lakuning carita utawa plot mujudake kedadeyan kang diandharake sajrone carita, kang ora nduweni sipat sederhana, amarga pangripta nyusun kedadeyan kasebut adhedhasar sebab akibat.

Minangka reriptan sastra kang uga ngandhut unsur pamanguning karya sastra, CGB uga nduweni plot kang kaperang saka perangan kaya kang diandharake mau, tegese kaperang dadi bageyan kawitan, bageyan tengah lan bageyan pungkasan, kanggo mangerteni *style*-ing pangripta medhar plot adhedhasar sesambungan sebab akibat lan trap-trapan plot, bakal diandharake *sekuen* utawa perangan paling cilik sawijing carita. Sajrone CGB kawangun saka 55 *sekuen*, yaiku :

1. SD getun amarga alas gundhul lan dheweke mlarat
2. SD kelingan jaman nalika dadi raja alas lan sugih
3. Pepinginane SD urip kaya raja alas
4. SD mutusake dadi rampog lan marani SG lan GM saperlu ndadekake wong sakloro iku andhahane
5. Rasa mangkel amarga GM nolak pepinginane SD dadi brandhal rampog
6. SG sarujuk kalawan apa kang dikarepake SD lan kasil mikolehi 10 andhahan rampog
7. SD lan andhahane nglumpuk nyang Guwa Banger banjur ngrantam operandi rampog sepisan
8. Operandi rampog sepisan ing Desa Tumpak Siri kasil ditindakake SD lan andhahane
9. Operandi rampog kapindho ing Desa Banthengan kasil ditindakake SD lan andhahane
10. SD kasil nduwe bandha donya kaya nalika dadi raja alas
11. Rasa kuwatire SD amarga jenenge diweruhi saperangan wong nalika nindakake operandi rampog
12. SD rumangsa kasepen amarga ditinggal loro bojone, lan budhal menyang lokalisasi
13. SD ketemu Nola kang cocog karo atine
14. Rasa penasarane SD kalawan lakon uripe Nola
15. Nola nyritakake lelakon uripe nganti dheweke dadi pelanyahan
16. Carita ngenani bapak kuwalone Nola kang mitnah Nola nggodha dheweke
17. Nola ditundung minggat kalawan ibuk kandhunge
18. SD kelingan ngenani jenenge kang wis dimangerteni saperangan wong minangka rampog banjur kuwatir
19. Rasa kuwatire SD ngenani tilas ban nalika nyang Guwa Banger
20. SD nemokake Gumuk Mayit kanggo ndelikake motor
21. SD mulih nyang omahe lan angen-angen bisa ngentas Nola saka papan palanyahan
22. SD ketemu Tarsiyem bojone GM lan kepincut

23. Rasa kuwatire SD ngenani jenenge kang dikonangi Lik Nem
24. SD kelingan Nola banjur mara menyang lokalisasi panggonane dheweke ketemu Nola
25. SD ora sida menyang lokalisasi banjur menyang omahe Dul Prongos
26. SD ketemu Jan Luwuk banjur nyritakake operandi sabanjure perlu anane rapat ing GB
27. SD kelingan Nola banjur menyang belik supaya bisa ketemu Tarsiyem kang ndadekake dheweke kepincut
28. SD lan andhahane ngrantam operandi sabanjure ing GB
29. Operandi ngenani rampog lan mbegal kalaksanan
30. Supar Bangkong ilang ing operandi rampog lan mbegal iku
31. Rasa kuwatire SD ngenani ilange Supar Bangkong
32. Jan Luwuk nggoleki informasi ngenani Supar Bagkong lan mangerteni yen ana rampog kang ketungkep ing kantor pulisi
33. SD rangu banjur ngutus Jan Luwuk nggolek informasi kang cetha ing kantor pulisi
34. SD mikir cara kanggo ucul saka Guwa Banger yen ana pulisi kang arep nungkep dheweke
35. SD nemu urung-urung kang tembus ing mbelik sajrone Guwa Banger
36. Jan Luwuk menehi warta ngenani Supar Bangkong kang ana ing omahe
37. SD kelingan Nola bajur mara menyang lokalisasi
38. Nola ora ana ing lokalisasi
39. SD nekat nggoleki Nola nyang desane
40. Nola ketungkep pulisi amarga mateni bapak kuwalone
41. SD kuciwa lan mutusake ora sida rabi kalawan Nola
42. SD kelingan blegere Tarsiyem
43. SD mara menyang omahe Tarsiyem lan tumindak sedheng
44. SD rapat kalawan adhahane ngenani rampog pistol pulisi
45. Tarsiyem ilang amarga wegah tumindak sedheng kalawan SD
46. SD sedih amarga kelangan Trsiyem
47. SD mbatalake rampog pistule pulisi
48. SD nggoleki Tarsiyem
49. Midi Precil ketemu SD lan nyritakake ngenani tiwase saperangan andhahane amarga ngrampog pistule pulisi
50. SD ndelik nyang Guwa Banger
51. Giran Monyet mara nyang Guwa Banger lan ngantemi SD kang kumawani tumindak sedheng kalawan Tarsiyem
52. Pulisi teka nyang Guwa Banger
53. SD kasil ngalih saka Guwa Banger liwat urung-urung

54. SD ora nggawa bandha donya asil rampog lan mbegal.

55. SD dadi kere lan buronan.

Alur sajrone CGB kalebu alur maju, amarga kedadeyan-kedadeyan kang diandharake asipat *kronologis* laras kalawan urutan wektu. Adhehasar urutan wektu, *sekuen* ing ndhuwur kaperang dadi lima, yaiku :

I : *sekuen* 1-12, ngenani SD kang kasil dadi brandal rampog

II : *sekuen* 13-17, ngenani sesambungane SD kalawan Nola

III : *sekuen* 18-36, ngenani SD lan andhahane ngrampog lan mbegal

IV : *sekuen* 37-48, ngenani tumindake SD sedheng kalawan Tarsiyem

V : *sekuen* 49-55, ngenani SD lan andhahane kang wis konangan minangka rampog lan begal

Perangan *sekuen* adhedhasar urutan wektu ing ndhuwur bisa dideleng kanthi peta konsep kaya ing ngisor iki:



SD kang mangerteni alas gusis mikir cara kanggo mbalik urip kaya nalika dadi raja alas. Pakaryan nebangi kayu kanthi mikolehi untung kang akeh ndadekake uripe tansah kecukupan lan sasat tanpa kekurangan, nanging mangerteni kahanan alas kang ora bisa nyukupi uripe kang boros ndadekake dheweke mikir cara kanggo bisa mbalik urip kepenak. Brandhal rampog mujudake pakaryan kang dipilih kanggo nyukupi apa karepe, kanthi 10 adhahan rampog kang dipimpin, SD kasil ngrampog saweehing panggonan lan uga kasil nduweni bandha donya kang memper nalika dheweke dadi raja alas (perangan I). Urip kanthi nduweni bandha donya kang padha kalawan nalika dadi raja alas pranyata isih durung bisa ndadekake dheweke bungah, uripe tansah kasepen amarga ditinggal loro bojone, mula kanthi bandha asil rampog, SD budhal menyang lokalisasi. SD kang pancen nduweni hobby medok pungkasan nyang lokalisasi dhaerah Truntum, nyang kono dheweke ketemu Nola, saka patemon iki sesambungane dheweke kalawan Nola diawiti (perangan II). Carita uripe Nola ndadekake dheweke trenyuh lan nduweni pepinginan mentas Nola saka papan palanyahan kono, nanging pranyata pepinginane ora bisa langsung kasembadan. Operandi rampog sepisan kamangka disusul operandi sabanjure yaiku ngrampog lan mbegal (perangan III). Operandi kang nuwuhake saperangan konflik kasebut pranyata ora bisa nyingkirake angen-angene SD marang pepinginane mentas Nola, sawise operandi kaleksanan, dheweke budhal menyang lokalisasi saperlu ngentasake Nola, ananging kabeh mau pepes, Nola ketungkep pulisi amarga mateni bapak kuwalone. SD kkang lagi kelangan Nola banjur kelingan Tarsiyem, kang mujudake wanita kang uga mincutake atine. Tarsiyem kang ditinggal GM nyang Malaysia kasil dirayu dening SD lan wong sakloron kuwi tumindak sedheng (perangan IV). Tarsiyem kang mangerteni tumindake iku kliru banjur

ngilang amarga SD tansah nguber-uber dheweke. SD kang kelangan Tarsiyem rumangsa kasepen banjur mutusake yen ora sida nglurug kantor pulisi saperlu ngrampog pistul, nangin Jan Luwuk sakanca meksa budhal lan ketungkep. Ketungkepe Jan Luwuk sakanca ndadekake SD lan andhahane buronan lan bali dadi kere (perangan V).

Perangan I-V kasebut nuduhake alur sajrone CGB, saliyane iku perangan kasebut uga bisa nuduhake trap-trapan plot sajrone CGB, trap-trapan plot kang kaperang dadi 3 bagayan, yaiku bagayan kawitan, tengah lan bagayan pungkasan kaya ing ngisor iki:

Bagayan kawitan ing perangan I lan II kang nuduhake gegambarane SD kang mujudake rampog lan tetepungane dheweke kalawan Nola, ing perangan I lan II iku durung tuwuh konflik.


Bagayan tengah ing perangan III lan IV kang nuduhake anane konflik tumrap pakaryan kang ditindakake SD, lan konflik ngenani Nola lan Tarsiyem kang ndadekake paraga utama yaiku SD mutusake sawenehing perkara.

Bagayan pungkasan ing perangan V kang nuduhake gegambarane nasib paraga utama lan paraga-paraga liyane ing carita CGB kang ngalami konflik-konflik ing bagayan tengah.

Kronologi kang diwujudake kanthi anane *sekuen* ing ndhuwur pranyata durung bisa menehi sesambungan sebab akibat sajrone CGB. sesambungan sebab akibat bisa dimangerteni kanthi anane fungsi-fungsi utama. Fungsi utama sajrone CGB, yaiku :

1. SD kelangan pangupa jiwa banjur pengin sugih tanpa rekasa lan urip kaya raja alas biyen
2. SD dadi rampog lan bali sugih
3. Sesambungane SD kalawan Nola
4. Sesambungane SD kalawan Tarsiyem
5. SD ketungkep pulisi

Fungsi-fungsi utama ing ndhuwur nuduhake sesambungan adedhasar sebab akibat kaya ing ngisor iki:



Peta konsep ing ndhuwur nuduhake sesambungan sebab akibat sajrone CGB kabeh nduweni sesambungan. Sesambungan sebab akibat sajrone CGB munjer ing lelakon ngenani paraga SD kang kelangan pangupa jiwa banjur pengin sugih tanpa rekasa lan urip kaya raja alas biyen (1). Pepenginane SD nduweni urip kang kaya mangkono menehi akibat tumrap dheweke, yaiku ndadekake dheweke rampog kang bali sugih (a). Panguripan kang sarwa kecukupan amarga asil rampog lan mbegal ndadekake dheweke saba lokalisasi lan ketemu Nola (g). Saliyane bandha asil rampog kang wis

nyukupi dheweke, kang nyebabake dheweke ketemu Nola yaiku pepenginane dheweke urip kaya nalika dadi raja alas kang sarwa dikupengi wanita ayu (b). Nola kang pranyata dikunjara amarga mateni bapak kuwalone ndadekake SD rumangsa kasepen lan menehi akibat tumrap SD, yaiku SD sesambungan sedheng kalawan Tarsiyem (e). SD kumawani nyedhaki Tarsiyem amarga Giran Monyet lunga nyang Malaysia lan kang paling wigati dheweke dadi rampog lan uripe bali sugih kaya nalika dheweke dadi raja alas (d), saliyane amarga lungane Giran Monyet lan SD kang bali sugih, SD sesambungan sedheng kalawan Tarsiyem amarga dheweke pengin mbaleni uripe nalika dadi raja alas, tansah dikupegi wanita ayu (c). Tarsiyem kang wis rumangsa kliru amarga tumindak sedheng kalawan SD minggat nyusul Giran Monyet. Ilage Tarsiyem ndadekake SD kelangan greget, mula operandi rampog kang wis dirantam muspra lan ndadekake dheweke ketungkep pulisi (f). Sugih tanpa rekasa lan bali urip kaya raja alas pranyata menehi akibat tumrap SD, yaiku ndadekake dheweke buron lan bali kere, saliyane kuwi ndadekake andhahan rampoge ketungkep pulisi (d).

Sanggiting pangripta diwujudkan kanthi nggayutake tema kadurjanaan lan lakuning carita kadurjanaan utawa plot. Tema kadurjanaan diwedharake kanthi anane alur kang kaperang saka 55 *sekuen*, 55 *sekuen* kasebut luwih akeh ngandharake ngenani paraga SD kang asring nglakoni tumindak durjana, saliyane kuwi carita kadurjanaan kang asring nuwuhake ukara *deklaratif* kang bakal diandharake ing bab sabanjure nduweni alur maju, kamangka sajrone carita kadurjanaan asring nggunakake alur campuran, iki mujudake *style*-ing pangripta. *Sekuen-sekuen* kang akeh ngandharake ngenani paraga SD nalika nglakoni tumindak durjana lan carita kadurjanaan kang nduweni alur maju, luwih narik kawigaten kanthi anane model trap-trapan pungkasan *open ending* utawa tinarbuka, diarani *open ending* amarga sajrone carita saben-saben paraga ora cetha kepriye nasibe, mligine paraga utama yaiku SD kang ora cetha kepriye nasibe minangka durjana, semono uga paraga-paraga liyane sajrone CGB.

2. Pangolahing Basa sajrone CGB

Stile utawa gaya sawijining novel, kang awujud wedharan basa, bisa ngandharake kabeh panganggane unsur basa sajrone novel iku, kalebu unsur *grafologis*. Unsur stile, kanthi kaya mangkono mujudake unsur kang nyengkuyung anane wujud lahir wedharan basa kasebut. Kajian stile sawijining novel lumrahe kaleksanan kanthi analisis tumrap unsur-unsur, mligine kanggo mangerteni *kontribusi* saben-saben unsur mau kanggo nggayuh *efek estetis* lan unsur apa wae kang *dominan*. Unsur-unsur kang diandharake ing ndhuwur iku bakal dijelentrehake ing bab sabanjure.

a. Unsur leksikal

Unsur leksikal kang dikarepake yaiku diksi, kang tegese yaiku panganggane tembung-tembung tartamtu kanthi sengaja dipilih pangripta. Tembung-tembung kasebut mesthi wae pinilih kanthi sengaja supaya bisa nambahi kaendahan lan *efektivitas*

panganggone. Bab mau gegayutan kalawan kabasan sajrone reription sastra, kejaba iku kanthi anane pamilihing tembung, pangripta nduweni pangajab supaya pamaos bisa mangerteni wewujudan lan maknane tembung kang dikarepake pangripta sajrone carita. Wewujudan lan makna kang kawedhar sarana tetembungan pinilih kasebut nduweni sesambungan kalawan watak *sintagmatik* lan *paradigmatik*. Cerbung “Guwa Banger” mujudake reription sastra anggitane Tiwiek.S.A. Tiwiek.S.A mujudake pangripta kang ora bakal nglirowakake bab pamilihing tembung sajrone reriptionane. CGB kang kaperang saka 27 edhisi kawangun saka tetembungan pinilih kang sesambungan kalawan *sintagmatik* lan *paradigmatik*, nanging pangripta asring nggunakake pamilihing diksi kang sesambungan kalawan *paradigmatik*. Andharan tembung-tembung khusus mau bakal dijlentrehake kanthi cuplikan-cuplikaning carita kaya ing undheraning panliten kan sepisan ing ndhuwur. Kasusun runtut kanthi nggunakake sistem nomer urut.

Paradigmatik sesambungan kalawan pamilihing tembung antarane saperangan tetembungan kang gegayutan kalawan makna. Ngenani bab iki, pangripta mesthi wae milih tembung kang nduweni *konotasi* luwih cocog kanggo medharake rasa pangrasane kang bisa nuwuhake *asosiasi-asosiasi* tartamtu, masiya tembung kang dipilih saka basa liya. Pamilihing tembung kang asipat *paradigmatik* mujudake pamilihing tembung kang dipilih pangripta supaya bisa medharake makna ukara sajrone carita, kaya kang ana ing cuplikan ngisor iki:

...”dhek jaman semana, akeh bae oknum perhutani karo oknum kapulisen sing gampang dijak **kerja sama**”...(GB edhisi 05, PS-46/2010)
...Son, **alkamdulillah** sing dicekel pulisi lan sakiki ditahan dudu Supar Bangkong”... (GB edhisi 19, PS-08/2011)

Cuplikan kasebut nuduhake anane pamilihing tembung asipat *paradigmatik*, ana saperangan tembung kang nggunakake tembung saliyane tembung abasa Jawa. Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane pamilihing tembung abasa Indonesia kang kacetak kandel yaiku tembung “kerja sama”. Pangripta milih tembung saliyane basa Jawa supaya luwih nggampangake pamaos nrima apa kang dikarepake. Tembung “Kerja sama” sajrone ukara nduweni teges nglakoni tumindak utawa pakaryan kanthi bebarengan. *Kerja sama* sajrone bebrayan mujudake tumindak kang disengkuyung bebarengan, lumrahe *kerja sama* ditindakake dening pawongan kang nduweni tujuwan kang padha. *Kerja sama* kanthi makna lan teges kang kaya mangkono mau sejatine ora mung ditindakake tumrap pakaryan becik. Tujuwan saben manungsa maneka warna, ana tujuwan apik lan ala, semono uga *kerja sama* kang ditindakake. Sajrone CGB *kerja sama* kang ditindakake yaiku tumindak kang dilakoni bebarengan antarane andhahane SD sajrone nindakake kadurjanan.

Cuplikan sabanjure mujudake pamilihing tembung asipat *gramatikal* abasa arab. Tembung kacetak kandel sajrone ukara kasebut nuduhake anane tembung

saliane basa Jawa lan basa Indonesia sajrone CGB. Tembung “alkamdulillah” mujudake tembung basa arab kang diucapake nalika medharake rasa syukur. Sajrone ukara ing cuplikan kaloro kasebut nuduhake makna kang sumirat sajrone tembung “alkamdulillah”, tegese paraga kang ngucapake cuplikan kasebut medharake rasa syukur tumrap bab tartamtu. Medharake rasa syukur bisa kanthi maneka warna cara, ngucapake tembung *alkamdulillah* mujudake sarana medharake rasa syukur tumrap *muslim*. Sajrone CGB tembung *alkamdulillah* mujudake *ekspresi* rasa syukur tumrap warta ngenani Supar Bangkong kang pranyata ora dicekel pulisi.

Pamilihing tembung sajrone CGB ora mung nalika pangripta medharake rasa pangrasa kang awujud cecaturan utawa nggambarake kahanan tartamtu, nalika pangripta ngripta sawenehing jeneng paraga sajrone CGB, panjenengane uga milih tembung-tembung tartamtu kang asipat *paradigmatik*. Jeneng paraga sajrone CGB yaiku 1) Sona Drubiksa, 2) Sukra Genjik, 3) Jan Luwuk, 4) Midi Precil, 5) Ja Basong, 6) Dul Prongos, 7) Supar Bangkong, 8) Na Cindhil, 9) Man Nyambik, 10) Wa Soma Blandhong, 11) Giran Monyet.

b. Unsur Gramatikal

Unsur *gramatikal* kang dikarepake gegayutan kalawan susunan. Sawenehing wujud kabasan kang uwal saka struktur ukara minangka ekspresi saka pangripta supaya nuwuhake kaendahan tumrap reription sastra. Ukara kang uwal saka struktur ukara kang samesthine maneka warna wujud, kanggo mangerteni ukara kasebut uwal saka struktur ukara kang samesthine apa ora lan bisa mangerteni wujud *penyimpangan* sajrone ukara kasebut, prelu anane analisis ngenani *kompleksitas* ukara, jinising ukara, lan jinis klausa lan frase. Unsur *gramatikal* sajrone CGB kang luwih onjo lan luwih nusuhake *style*-ing pangripta yaiku ngenani jinising ukara kang digunakake. Jinising ukara kasebut ing antarane yaiku ukara *deklaratif*, ukara *interogatif*, ukara *imperatif* lan ukara *interjektif*. Jinis ukara kasebut kabeh digunakake sajrone CGB, nanging ana ukara kang asring digunakake lan mujudake *style*-ing pangripta, kanggo mangerteni ukara apa kang mujudake *style*-ing pangripta, bakal diandharake gunggung sabab-sabab jinis ukara sajrone CGB ing bab sabanjure.

1) Ukara Deklaratif

Ukara *deklaratif* yaiku ukara kang isine ngandharake samubarang kang diandharake tumrap pawongan liya, ukara *deklaratif* ora mbutuhake wangsulan kanthi lisan utawa *tindakan*. Ukara *deklaratif* mujudake rerencening ukara nalika nuduhake samubarang kanthi cetha. Ukara *deklaratif* asring digunakake pangripta kanggo menehi pangerten tumrap pamaos ngenani apa kang dikarepake pangripta, ing CGB ukara *deklaratif* diwujudake kaya mangkene:

...”Sona Durbiksa (Sona Durbiksa iku jenengku, jeneng asline ya Sona ngono bae, njur daktambahi Durbiksa, kareben keprungu keren)”.... (GB edhisi 01,PS-42/2010)

...”Bareng saiki alas-alas padha gundhul, kayu jati entek (aja meneh kayu jati, kayu liyane ya wis ludhes kok) aku sakanca malih mbingungi”.... (GB edhisi 01,PS-42/2010)

...”Namine Sona Durbiksa, dheweke niku mboten tedhas dibacok, mboten tedas dibedhil”.... (GB edhisi 01,PS-42/2010)

...Angin wengi midit liwat lawang sing isih bukakan sesisih. Nuwuhake hawa atis. Aku menyat nutup lawang. Baliku ora ing papan sakawit, nanging pindhah njejeri Tarsiyem. Kanthi dhadha gumuruh, tangane Tarsiyem dakcandhak. Drijine dakremet-remet. Tarsiyem ora suwala. Tumindakku sansaya ndadra, sansaya ndadra. Wusanane beteng wadon sing isih ringkih iku ambrol!... (GB edhisi 24, PS-13/2011)

Sajrone CGB akeh ukara kang mujudake ukara *deklaratif*, cuplikan ing ndhuwur mujudake saperangan ukara *deklaratif* sajrone CGB. Ukara *deklaratif* digunakake pangripta kanggo njlentrekake bab tartamtu kanthi cetha saengga pamos nduweni gambaran salaras kalawan karepe pangripta. Cuplikan sepisan mujudake ukara *deklaratif* kang menehi *deskripsi* ngenani paraga Sona, ing ukara kasebut diandharake yen tembung “Drubiksa” sawise “Sona” mujudake panambahing jeneng supaya keprungu *keren*, saliyané iku ing ukara kasebut dijlentrehake yen Sona Drubiksa mujudake jeneng paraga kang ngandharake ukara kasebut.

Cuplikan kapindho mujudake ukara *deklaratif* kanthi nggambarake bab tartamtu. Sajrone ukara kasebut pangripta menehi gambaran marang pamaos ngenani alas kang gundhul, gundhul ing ukara kasebut diwenahi katrangan kanthi cetha yen kayu jati lan kayu liyane uga wis ora ana. Kanthi anane ukara kasebut, pangripta menehi gambaran ngenani bab alas kang gundhul kang mujudake sawijining lakon ing CGB

Ukara ing cuplikan nomer telu menehi *deskripsi* tumrap pamaos ngenani paraga Sona Drubiksa kang ora tedhas dibacok, lan ora tedhas dibedhil. Anane *deskripsi* ngenani paraga Sona Drubiksa kaya ngono kuwi menehi gambaran tumrap pamaos ngenani kepriye kasekten kang diduweni paraga Sona Drubika.

2) Ukara Interogatif

Ukara *interogatif* yaiku ukara kang mbutuhake anane wangsulane kanthi *verbal*, lumrahe ukara *interogatif* mujudake ukata pitakon. Sajrone CGB uga nggunakake ukara *interogatif* ing saperangan tartamtu, kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Sampeyan sing gadhah damel?”.... (GB edhisi 01,PS-42/2010)

...”Niyatmu awakdhewe ngrampog maneh?”.... (GB edhisi 02,PS-43/2010)

...”Ning aja njalok bagiyane padha piye?”.... (GB edhisi 02,PS-43/2010)

...”Apa isa awakdhewe ngrampog mrono?”.... (GB edhisi 02,PS-43/2010)

Sajrone CGB uga ngandhut sawenehing ukara *interogatif*, cuplikan-cuplikan ing ndhuwur nudhake anane ukara *interogatif* kang mujudake unsur *style* sajrone reiptan sastra. Cuplikan sepisan nuduhake anane pitakonan ngenani wong kang nduwe gawe, cuplikan kapindho mujudake pitakonan ngenani tumindak ngrampog, cuplikan katelu mujudake pitakonan ngenani bageyan asil rampog, cuplikan kapapat mujudake pitakonan kang ngandhut rangu-rangu ing sawijining paraga ngenani tumindak rampog kang bakal dilakoni.

3) Ukara Imperatif

Ukara *imperatif* yaiku ukara kang ngajak pawongan liya nglakoni sawijining tumindak, ukara *imperatif* bisa arupa ukara prentah, ukara pituduh, lan ukara larangan. CGB uga ngandhut ukara *imperatif* kang mujudake *style* pangripta anggane ngolah basa, ukara *imperatif* kang arupa ukara prentah kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Wis, ayo cabut !”.... (GB edhisi 03,PS-44/2010).

...”Arta gangsal welas yuta wau mang sukakne kula mawon!.... (GB edhisi 02,PS-43/2010)

...”Wong wadon-wadon kuwi gawane mrene!.... (GB edhisi 01,PS-43/2010)

...”Nola, kowe ya kudu ngombe ben mengko isa ngimbangki kiprahku!...(GB edhisi 05,PS-46/2010)

Ukara kang ngajak pawongan liya nglakoni tumindak bisa arupa ukara prentah, kaya ing cuplikan ndhuwur iku, cuplikan sepisan nuduhake yen sajrone CGB ana paraga kang ngajak paraga liya “cabut”, tembung “cabut” ing ukara kasebut nduweni makna lunga saka papan tartamtu. Cuplikan kapindho nuduhake yen ana sawijining paraga kang menehi prentah tumrap paraga liya supaya menehi dhuwit. Cuplikan katelu mujudake ukara kang ngandhut prentah tumrap paraga liya supaya nggawa wong wadon menyang paraga kang ngandharake ukara kasebut. Cuplikan kapapat mujudake ukara prentah kang diandharake paraga “aku” marang paraga “Nola”. Ukara *imperatif* saliyané arupa ukara prentah yaiku ukara *imperatif* arupa ukara larangan, kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Kabeh ae ora entuk mampir ngomah!”.... (GB edhisi 03,PS-44/2010)

...”Bengi iki apike ngaso wae bos!”.... (GB edhisi 04,PS-45/2010)

...”Karepku nyegat kowe-kowe kabeh, saperlu ngandhani yen sepedha motore ora sah digawa melbu guwa!”.... (GB edhisi 08,PS-49/2010)

Pangripta sajrone CGB uga nggunakake ukara larangan kanggo ngajak paraga liya nglakoni tumindak. Cuplikan sepisan nuduhake yen ana paraga kang nglarang paraga liya mampir omah, cuplikan kapindho njlentrehake yen ana paraga kang menehi prentah marang paraga “Bos” supaya ngaso. Cuplikan katelu mujudake ukara prentah kang katujokake marang paraga liya supaya motore ora digawa melbu guwa.

4) Ukara Interjektif

Ukara *interjektif* yaiku ukara kang nuduhake *emosi* kaya *kagum*, *kaged*, *takjub*, *heran*, *nesu*, *sedhih*, *gemes*, *kuciwa*, ora seneng lan sapanunggalane. Ukara *interjektif* kawangun saka sawijining *klausa* diawiti kanthi tembung seru, kaya *wah*, *nah*, *aduh*, *ah*, *hah*, lan sapanunggalane. Ukara kanggo nuduhake *emosi* sajrone CGB kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Wah, dhalangipun sae sanget lho pak”.... (GB edhisi 02,PS-43/2010)

...”Wah, inggih tebih pak”.... (GB edhisi 04,PS-45/2010)

...”Wah,sajake tas meguru anyaran wong iku”.... (GB edhisi 05,PS-46/2010)

...”Waduh, kadhung maen awan sedina bethethet taknggo turu”.... (GB edhisi 08,PS-49/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane *ekspresi* tumrap paraga kang ngandharake ukara-ukara ing cuplikan-cuplikan kasebut. Cuplikan sepisan mujudake ukara kang ngandhut *ekspresi kagum* lan *heran*, tembung “wah” kasebut menehi makna luwih mbangetake anggone paraga *kagum* tumrap dhalang. Cuplikan kapindho uga mujudake *ekspresi* kaged tumrap jarak tartamtu, ing ukara kasebut ana tembung “wah” kang mujudke *ekspresi* kaged paraga kang ngandharake ukara kasebut. Cuplikan katelu mujudake *ekspresi kagum* tumrap kasekten tatamtu, kabukti anane ukara meguru anyaran wong iku. Cuplikan kapapat mujudake *ekspresi* kuciwa, anane tembung “waduh” bisa menehi pangerten tumrap pamaos yen paraga kang ngandharake ukara kasebut kuciwa amarga sedina turu.

c. Permajasan

Majas yaiku pangolahing tembung tartamtu kang salaras karo maksud tartamtu saka pangripta kanthi tujuwan nuwuhake aspek kaendahan. Majas minangka gaya basa kang bisa nuwuhake efek-efek tartamtu, saka sakabehaning tetenger basa. Majas minangka teknik andaran basa, lelewaning basa, kang maknane asipat tersirat. Jinising majas ana 4, yaiku Majas *Perbandingan*, *Penegasan*, *Sindiran*, lan *Pertentangan*. CGB kang mujudake reriptan sastra sarana basa kang endah uga ngandhut kapapat jinis majas, kaya kang bakal dijlentrehake ing bab sabanjure.

1) Majas Perbandingan

Majas *perbandingan* yaiku tembung-tembung kiasan kang ngandharake *perbandingan* kanggo nuwuhake daya pangaribawa tumrap pamaos. Sajrone

CGB uga ngandhut majas *perbandingan* maneka warna kang bakal dijlentrehake ing bab sabanjure.

a) Majas Alegori

Majas *perbandingan* kang sepisan yaiku majas *alegori*, majas *alegori* yaiku majas kang nggunakake saperangan tetembungan *kias* kanggo nggambarake samubarang. Majas *alegori* mujudake sarana tumrape pangripta kanggo medharake rasa pangrasane sarana tetembungan *kias*. Sajrone CGB majas *alegori* diwujudake kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Wong biyen **kuru aking**, kok saiki malih semog, singset, padhet kathik gaweyane mencorong lan katon luwih enom”.... (GB edhisi 10,PS-51/2011)

Cuplikan kasebut nuduhake anane tembung kias, tembung kang kacetak kandel mujudake tembung kang makili kahanan tartamtu, “kuru aking” mujudake gegambaran pawongan kang kurune kaya garing. Pamilihing tembung tetembungan “kuru aking” sajrone CGB diandharake kanggo nggambarake paraga Tarsiyem, paraga Tarsiyem digambarake pawongan kang kuru nganti garing, mula tetembungan “kuru aking” dipilih kanggo menehi tanda tumrap pamaos ngenani gegambarane paraga Tarsiyem.

b) Majas Alusio

Majas *Alusio* mujudake salah sawijining majas *perbandingan* kang nggunakake unen-unen utawa paribasan utawa kabeh tembung *kiasan* kang wis lumrah ing basa padinan. Sajrone CGB majas *alusio* digunakake pangripta kanggo nggampangake menehi pituduh marang pamaos ngenani rasa pangrasane pangripta kang kawedhar sarana basa. Majas *alusio* sajrone CGB kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”kene wong nenem kasil ninggalake terop lan penonton wayang kanthi **slamet sega liwet**”.... (GB edhisi 03,PS-44/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane pambandhing ngenani kedadeyan tartamtu kalawan tetembungan kang diwedharake. Cuplikan kasebut nuduhake anane pambandhing ngenani keslametan kang diandharake kanthi tetembungan “slamet sega liwet”. Sajrone CGB dicritakake SD lan adhahane minangka rampog lan tukang begal, sajrone nindakake operandi mesthi wae ana rancangan tartamtu supaya bisa kasil anggone nindakake operandi. Operandi kasebut mesthi wae gumantung kahanan kang dumadi nalika operandi kaleksanan, sajrone CGB dicritakake loro operandi kang ditindakake kasil laras kalawan rancangan kawitan, mula tembung “slamet sega liwet” digunakake kanggo mbandhingake kahanan nalika sawise nglakoni operandi tanpa anane pepalang.

c) Majas Metafora

Majas *metafora* nduweni *fungsi* kanggo medharake rasa pangrasa kanthi langsung arupa

perbandingan analogis. Majas *metafora* lumrahe nggunakake tetembungan kang nduweni teges ora samesthine kanggo makili rasa pangrasane pangripta. Sajrone CGB diwujudake kaya cuplikan ing ngisor iki:

...”Giran Moyet **mesem kecut**”....(GB edhisi 01,PS-42/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane pambandhing asipat *analogis*. Cuplikan kasebut nuduhake yen nalika iku paraga Giran Monyet mesem kanthi kepeksa. Giran Monyet mesem kepeksa amarga sajrone CGB dheweke ora sarujuk kalawan pepinginane SD ndadekake dheweke andhahan minangka rampog, mula kanggo nggambarake rasa pangrasane Giran Monyet “mesem kecut”.

d) Majas Antonomasia

Majas *antonomasia* mujudake majas *perbandingan* kang nduweni *fungsi* kanggo nuduhake samubarang kanthi nggunakake aran kang ora samesthine, nanging kanthi nggunakake salah sawijining sipat samubarang kasebut. Majas *antonomasia* mujudake style pangripta kanggo medharake samubarang supaya pamaos bisa mangerteni gegambaran ngenani apa kang diandharake pangripta. Sajrone CGB digambarake kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Pakaryan sing babarpisan ora tau daktidhakake nalika isih dadi **raja alas**”....(GB edhisi 09,PS-50/2010)

Cuplikan kasebut mujudake tembung aran tumrap Sona Drubiksa. Sajrone CGB Sona Drubiksa dicritakake minangka brandhal kayu, mula diarani “raja alas”, laras kalawan pakaryane.

e) Majas Metonimia

Majas *metonimia* mujudake majas *perbandingan* kang nggunakake jeneng (*merk*) samubarang. Majas *metonimia* asring digunakake ing tanah Jawa, ing basa padinan uga asring digunakake. Sajrone CGB uga nggunakake majas *metonimia* kaya cuplikan ing ngisor iki:

...”Wektu iku Giran Munyuk lagi nggraji wit jati nganggo **senso**”....(GB edhisi 03,PS-44/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane pambandhing sesambungan kalawan nuduhake samubarang kanthi ngandharake merk. Cuplikan kasebut kang kacetak kandel yaiku “senso” nuduhake merk graji mesin kang nduweni merk asli “Chain Saw”. Sajrone CGB ukara kasebut mujudake ukara *deklaratif* kang diandharake dening pangripta kanggo nggambarake kahanan tartamtu. Pangripta milih tembung “senso” kanggo nuduhake tumrap pamaos yen panganggone *istilah* kasebut kanggo menehi *kesan* yen panguripan sajrone CGB ana ing dhaerah kang adoh saka kutha, amarga yen ing dhaerah kutha wis mesthi ora nganggo istilah kaya mangkono.

f) Majas Hiperbola

Majas *hiperbola* nduweni sipat ngluwih-luwihake samubarang saka kasunyatan. Majas *hiperbola* nduweni *fungsi* kanggo mbangetake samubarang. Sajrone CGB uga ngandhut majas *hiperbola* kaya cuplikan ing ngisor iki:

...”Bengi iku **lintange abyor**. ”....(GB edhisi 01,PS-42/2010)

Cuplikan kasebut nuduhake anane tetembungan kang asipat ngluwih-luwihake, tetembungan “lintange ambyor” nduweni teges yen nalika iku lintange akeh, nanging pangripta ngandharake yen “lintange ambyor”, kamangka kang lumrahe nggunakake tembung “ambyor” iku banyu. Sajrone CGB ukara kasebut mujudake ukara *deklaratif* kang diandharake pangripta kanggo nuduhake kahanan sajrone CGB, yaiku wengi kang kebak lintang.

g) Majas Personifikasi

Majas *personifikasi* mujudake majas *perbandingan* kang medharake samubarang sarana basa kanthi mbandingake tumindaking manungsa tumrap samubarang kang dudu manungsa lan ora samesthine digunakake. Majas *personifikasi* lumrahe mujudake style pangripta supaya bisa nuwuhake kaendahan tumrap reriptan sastra kasebut. Sajrone CGB uga nggunakake majas *personifikasi*, kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Jeneh sakploké **alas gundul**, bocah-bocah kelebu aku rak kelangan pangupa jiwa”....(GB edhisi 04,PS-45/2010)

Cuplikan-cuplikan kasebut nuduhake anane tetembungan kang medharake samubarang tumindak kaya dene manungsa. Cuplikan kasebut kang kacetak kandel nuduhake yen ana samubarang kang nduweni sipat kaya manungsa, “gundul” mujudake aran sirah kang ora nduweni rambut, nanging ing ukara kasebut digunakake kanggo menehi sipat tumrap “alas”. Sajrone CGB dicritakake yen alas kang sadurunge kebang wit-witan gusis amarga dibabati dening SD lan kanca-kanca brandhal alas liyane. Kanggo menehi gambaran ngenani wit-witan sajrone alas, pangripta nggunakake tembung “alas gundul”, kang nduweni teges wit-witan sajrone alas wis ilang, kaya sirah manungsa kang gundul amarga ora nduweni rambut.

h) Majas Disfemisme

Majas *disfemisme* mujudake majas *perbandingan* kanggo medharake samubarang kang ora pantes diandharake apa anane. Majas *disfemisme* lumrahe digunakake tumrap paraga kang nduweni sipat kasar lan ora berpendidikan amarga nggunakake tetembungan kang ora pantes diandharake. sajrone CGB ana saperangan paraga kang nggunakake majas *disfemisme* kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Kamangka angger nggambarake pawakane Nola sing semog, **birai**ku ajeg mungkat. ”....(GB edhisi 09,PS-50/2011)

Cuplikan kasebut diandharake dening paraga SD. Tembung kang kacetak kandel, yaiku “biraiku” nuduhake kepriye status sosiale SD. Tembung “biraikku” sajrone ukara kasebut nuduhake yen SD dudu priyayi, saliyané kuwi ukara iku diandharake nalika SD kelingan Nola, wanita palanyahan kang ditemoni ing Wisma Sekar Birahi.

i) Majas Asosiasi

Majas *asosiasi* mujudake majas kang mbandingake antarane rong bab kang beda, nanging diandharake padha. Lumrahe majas *asosiasi* iki digunakake kanggo menèhi katrangan tumrap samubarang supaya luwih cetha anggoné mangerteni kahanane. Sajrone CGB majas *asosiasi* diwujudake kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Aku pancen niat mbusek **lakon ireng** saka uripku”....(GB edhisi 01,PS-42/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan “lakon ireng” mujudake tetembungan kang mbandhingake uripe paraga Giran Monyet kalawan lakon ireng. Tembung “lakon ireng” nduweni teges kang beda kalawan uripe paraga Giran Monyet, nanging ing ukara kasebut diandharake padha kanthi nduweni *fungsi* makili lakon kang diarani “ireng”. Sajrone CGB dicritakake yen paraga Giran Monyet mujudake paraga kang sadurunge minangka brandhal kayu, mula kanggo makili bab kasebut, pangripta nggunakake tembung “lakon ireng”.

2) Majas Penegasan

Majas *Penegasan* yaiku sawijining *ungkapan* kang digunakake kanggo negesake utawa ndadekake kuwat samubarang. Majas *penegasan* sajrone CGB maneka warna, lan bakal diandharkake ing bab sabanjure.

a) Majas Repetisi

Majas *repetisi* mujudake majas *penegasan* kanthi ngambali tembung, *frase*, lan *klausa* kang padha sajrone ukara. Repetisi mujudake style pangripta supaya nuwuhake *efek* kaendahan sarone reriptan sastra, sajrone CGB majas *repetisi* diwujudake kaya cuplikan ing ngisor iki:

...”**Kelingan** paladenane neng ranjang, **kelingan** lelakon uripku kaya sing diceritakake, **kelingan**....ah, nek kedawa-dawa ngalamat ra sida mulih ki mengko”....(GB edhisi 9,PS-50/2010)

Cuplikan-cuplikan kasebut nuduhake anane *repetisi* kanthi anane tembung-tembung kang diambali sajrone ukara. Cuplikan kasebut nuduhake yen tembung “kelingan” diambali kaping telu, kamangka nggunakake tembung “kelingan kaping siji sajrone ukara kasebut wis cukup, nanging kanthi anane *repetisi* tembung “kelingan” luwih menèhi *penegasan* yen paraga kang ngandharake ukara kasebut satenane kelingan nemen. Sajrone CGB, ukara kasebut diandharake dening paraga SD, sajrone carita paraga SD kepincut marang Nola, saben-saben dicritakake yen tansah awang-awangen Nola. Tembung

“kelingan” sajrone cuplikan kasebut nuduhake yen paraga SD kelingan nemen kalawan Nola.

b) Majas Tautologi

Majas *tautologi* mujudake majas *penegasan* kanthi ngambali tembung kang nduweni teges kang padha. Majas *tautologi* lumrahe digunakake pangripta nalika dheweke pengin mbangetake samubarang utawa kahanan tartamtu. Sajrone CGB majas *tautologi* kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Tatas tapis tanpa nyisa”....(GB edhisi 01,PS-42/2010)

Cuplikan kasebut nuduhake anane tetembungan kang nduweni teges kang saemper nanging diandharake bebarengan. Tapis: kn. nganti rêsik (tliti bangêt) ora ana sing kêliwatan; di-[x](ake) digarap (dipriksa lsp) nganti tapis bangêt (Poerwadaiminto, 1987: 1874). Tembung “tapis” kanthi teges kaya ngono saemper kalawan tetembungan “tanpa nyisa”. Tembung saemper kang diucapake bebarengan kasebut luwih negesake yen tenan tanpa sisa. Sajrone CGB tetembungan kasebut digunakake nalika pangripta nggambarake kahanane alas kang gusis amarga wit-witan kang dibabati dening paraga SD lan kanca-kaca brandhal kayu liyane.

c) Majas Elipsis

Majas *elipsis* diwujudake kanthi anane saperangan tembung utawa bageyan tembung kang diilangi. Majas *elipsis* lumrahe nuwuhake gegambaran tartamtu tumrap kahanan kang mujudake wangsulan saka saperangan tembung kang ilang kasebut. Sajrone CGB majas *elipsis* diwujudake kaya cuplikan ing ngisor iki:

...”Ah, saupama ora ketutupan jarit kang kanggo pinjungan kuwi mendahneya....”....(GB edhisi 10, PS-51/2010)

Cuplikan-cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen saperangan tembung ing ukara kasebut diilangi kanggo menèhi gambaran tartamtu marang pamaos. Cuplikan 74 nuduhake yen paraga SD kang ngandharake ukara kasebut nduweni gegambaran tumrap kahanan ngenani Tarsiyem nalika Tarsiyem budhal menyang mbelik. Ukara kasebut ora diterusake amarga pangripta pengin pamaos nggambarake dhewe kepriye gegambaran kang dikarepake pangripta

d) Majas Polisidenton

Majas *polisidenton* mujudake majas *penegasan* kang nuduhake bab utawa samubarang kanthi nggunakake saperangan tembung *penghubung*. Lumrahe majas *polisidenton* nduweni titikan kanthi anane tembung “lan, banjur, sawise iku”. Sajrone CGB uga ngandharake majas *polisidenton*, kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Wong biyen kuru aking, kok saiki malih semog, singset, padhet kathik gaweyane mencorong **lan** katon luwih enom”.... (GB edhisi 10,PS-51/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane majas *polidenton* kanthi anane saperangan tembung *penghubung*. Cuplikan kasebut kang diandharake SD nuduhake tembung *penghubung* “lan”. Tembung *penghubung* “lan” kasebut sajrone CGB digunakake kanggo medharake kahanane Tarsiyem kang saliyane mencorong uga digambarake luwih enom.

e) Majas Asindenton

Majas *asindenton* mujudake wewalikan saka majas *polisidenton*, yen *polisidenton* nggunakake tembung *penghubung*, yen *asindenton* ora nggunakake tembung *penghubung*. Sajrone CGB majas *asindenton* diwujudake kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Melbu regoling omah, mesin sepedha motor dakpateni”.... (GB edhisi 09,PS-50/2010)

Cuplikan kaebut nuduhake tumindak kang ditumindakake kanthi runtut tanpa anane tembung *penghubung*, ing cuplikan kasebut, paraga SD kang ngandharake ukara kasebut njlentrehake yen dheweke melbu regol omah, sawise melbu regol omah, tanpa ana tembung *penghubung*, ukara sabanjure yaiku mesin sepedha motor dakpateni, kang tegese dheweke sawise melbu regol omah banjur mateni sepedha motor. Ukara kasebut sahrone CGB diandharake nalika paraga SD mulih nyang omahe sawise dheweke pirang-pirang dina urip ing Guwa Banger.

3) Majas Pasemon

Majas pasemon yaiku reroncening tembung-tembung kias kang digunakake kanggo nyindir sawijining bab. Majas pasemon sajrone CGB maneka warna, lan bakal diandharkake ing bab sabanjure.

a) Majas Sarkasme

Majas *sarkasme* mujudake majas pasemon kanthi langsung. Majas pasemon lumrahe asipat kasar. Sajrone CGB uga ana majas pasemon kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Rambute sing teles diubel-ubel andhuk mangkak”.... (GB edhisi 12,PS-53/2010)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen sajrone CGB uga nggunakake tembung kang asipat kasar. Ukara ing cuplikan kasebut nuduhake anane tembung “mangkak” kang ora pantes diandharake, ukara kasebut mujudake pasemon yen andhuk kasebut reged nemen. Tembung kang asipat kasar sajrone cuplikan kasebut diandharake dening paraga SD nalika nggambarake bojone Dul Prongos kang digambarake minangka paraga kang ora ayu. Tembung kasar kasebut sajrone CGB kaya-kaya wis lumrah diandharake, amarga kaang ngandharake yaiku paraga SD kang digambarake paraga kang nduweni status sosial ora kaya priyayi.

b) Majas Ironi

Majas *ironi* mujudake majas kang isine ngenani pasemon kang ndelikake kasunyatan lan ngandharake wewalikane kasunyatan kasebut. Sajrone CGB majas *ironi* diwujudake kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Masa mas Na kenthekan dhuwit, pa merga alase wis gundhul kuwi? pamindone satpan semu nyemoni”.... (GB edhisi 05,PS-46/2010)

Cuplikan kasebut mujudake pasemon kang diandharake satpam marang paraga mas na. Ukara kasebut ndelikake kasunyatan ngenani paraga “mas na”, ing cuplikan kasebut diandharake yen “mas na” kenthekan dhuwit, kamangka “mas na” ora kenthekan dhuwit, kabuktenyen dheweke sakiki mara menyang lokasi kasebut. Sajrone CGB ukara kasebut diandharake satpam Wisma Sekar Birahi kang mujudake panggonan palanyahan langganane SD. Paraga Mas Na ing cuplikan kasebut yaiku SD utawa Sona Srubiksa. Sajrone carita dicritakake yen paraga SD ora tau mara nyang Wisma Sekar Birahi, dicritakake yen terakhir nyang Wisma Sekar Birahi nalika dheweke dadi raja alas kang sugih, mula satpan ing sekar Birahi kasebut ngandharake ukara ing cuplikan kasebut sawise suwe ora ketemu SD.

c) Majas Innuendo

Majas *innuendo* mujudake majas pasemon kang nduweni sipat ndadekake cilik kasunyatan kang kedadeyan. Sajrone CGB majas *innuendo* diwujudake kaya cuplikan ing ngisor iki:

...”Aku mangsak rada asin je”.... (GB edhisi 12,PS-01/2011)

Tembung “mangsak rada asin” ing cuplikan kasebut mujudake mangsakan kang enak, nanging ing ukara kasebut amung diandharake “mangsak rada asin”. Tetembungan kasebut ndadekake cilik kasunyatan kang kedadeyan, nanging tetembungan kasebut mujudake lelewane basa kang awujud majas *innuendo*. Sajrone CGB, ukara ing cuplikan kasebut diandharake dening bojone Dul Prongos nalika dheweke nyumanggakake SD mangsan awan.

4) Majas Pertentangan

Majas *Pertentangan* yaiku reroncening tembung kias kang nduweni tujuwan kanggo ngandharake *pertentangan* tumrap kang dikarepake sabener. Majas *pertentangan* maneka warna, nanging kang digunakake sajrone CGB amung majas *Antithesis*. Majas *antithesis* mujudake majas kang nggunakake tetembungan kang wewalikan kanggo medharake bab tartamtu. Sajrone CGB majas *antithesis* kaya ing cuplikan ngisor iki:

...”Saengga yen ana sing adus lanang apa wadon ya katon negla”.... (GB edhisi 09,PS-50/2010)

Cuplikan kasebut nuduhake anane tembung “lanang” banjur tembung “wadon”, tembung kang wewalikan kasebut diandharake kanggo makili pangripta nuduhake “manungsa” kang kaperang dadi lanang lan

wadon. Ukara kasebut diandharake dening paraga SD nalika nggambarake kedhung kang digunakake adus bebarengan pawongan kang ana ing sakiwa tengene kedhung. Paraga SD nggunakake tembung “lanang” lan “wadon, supaya pamaos mangerteni yen kang dikarepake cuplikan kasebut yaiku “manungsa”.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Adhedasar analisis kang wis ditindakake tumrap CGB anggitane Tiwiek.S.A kanthi tinthingan stilistika, bisa didudut ngenani style kang digunakake sajrone CGB. Style sajrone GGB kaperang dadi loro, yaiku sanggit utawa gaya *bercerita* lan pangolahing basa utawa gaya *berbahasa*. Sanggit sajrone CGB diwujudake kanthi anane gegayutan unsur intrinsik kang mujudake gayane pangripta, mligine ngenani tema lan alur utawa plot kang kawedhar kanthi “Guwa Banger minangka Carita Kadurjanan”.

Pangolahing basa utawa gaya *berbahasa* pangripta sajrone CGB diwujudake kanthi anane unsur *style* kabasan, mligine unsur leksikal, unsur gramatikal, lan retorika. Unsur leksikal kang nuduhake *style*-ing pangripta medharake pamilihing tetembungan sajrone CGB, mligine tembung-tembung kang digunakake menahi jeneng paraga sajrone CGB. Unsur gramatikal kang nuduhake *style*-ing pangripta yaiku gunggung ukara *deklaratif* kang luwih akeh digunakake sajrone CGB mujudake *style* kang digunakake pangripta anggone medhar rasa pangrasa sajrone CGB. Retorika nuduhake *style*-ing pangripta sajrone CGB diwujudake kanthi anane saperangan majas kaperang dadi 4 jinis, yaiku majas *perbandingan*, majas *penegasan*, majas *pasemon*, lan majas *pertentangan*. Majas *perbandingan* kang ana sajrone CGB yaiku majas *alegori*, majas *alusio*, majas *metafora*, majas *antonomasia*, majas *metonimia*, majas *hiperbola*, majas *personifikasi*, majas *disfemisme*, majas *asosiasi*. Jinis majas kapindho yaiku majas *penegasan*, majas *penegasan* kang ana sajrone CGB yaiku majas *repetisi*, majas *pararima*, majas *tautologi*, majas *elipsis*, majas *polisidenton*, majas *asindenton*. Majas *pasemon* kang mujudake majas kaping telu kang ana sajrone CGB yaiku majas *sarkasme*, majas *ironi*, majas *Innuendo*. Majas *pertentangan* kang ana sajrone CGB yaiku majas *antithesis* lan majas *paradoks*.

2. Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten ngenani reriptan kasusastran jawa anyar kanthi nggunakake tinthingan stilistika kang amung wewatasan kalawan sanggit lan pangolahing basa, kamangka sajrone CGB akeh banget kang bisa dianalisis kanthi tinthingan liya. Tinthingan liya kang bisa medhar CGB bisa wae ngenani sastra utawa basa kang luwih mligi, saliyane iku panaliten ngenani CGB kanthi tinthingan stilistika iki isih adoh saka sampurna, jalaran isih diwatesi kanthi kajian-kajian kang sesambungan kalawan *style*-ing pangripta. Andharan iku mau mujudake pangajab tumrap panliti supaya ana kang nindakake panliten tumrap CGB kanthi tinthingan liya utawa bisa uga nambah lan ngurangi asil panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Amminudin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Arikunto, Suharsini. 1998. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta
- Azizah, Siti Nur. 2009. *Diksi lan Gaya Bahasa ing Antologi Geguritan “Tanpa Mripat” anggitane Aminuddin kanthi tintingan Stilistika. (Skripsi tidak diterbitkan)*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-UNESA
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Med Press
- Fachrudin, Yahya. 2010. *Pamilihing Tembung lan Lelewaning Basa ing Antologi Gurit Panuwuning Urip Anggitane Davit Harjono. (Skripsi tidak diterbitkan)*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-UNESA
- Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Laksono, Ginanjar Wijoyo. 2011. *Lelewaning Basa kang Kinandhut ing Geguritan Anggitane Arya Esa Mahadewa. (Skripsi tidak diterbitkan)*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-UNESA
- Nurgiyantoro, Burhan. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: GadjahMada University Press
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta: Gadjah Mada University Preess.
- Poerwadarminta, 1937. *Baoesastra Djawi*.
- Rais, Putera. 2012. *Panduan Super Lengkap Majas EYD Peribahasa*. Yogyakarta: Buku Pintar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ratnasari, Dessy. 2012. *Kapribadhe Paraga Utama sajroning Cerbung Guwa Banger Anggitane Tiwiek SA: Tintingan Psikoanalisis Sigmund-Freud. (Skripsi tidak diterbitkan)*. Surabaya 3D-FBS-UNESA.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana

Suratmi. 2008. *Diksi dan Gaya Bahasa dalam Novel Tumlawung Karya Dhiajeng Nanik (kajian Stilistika)*. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-UNESA

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1993. *Teori Kasusastran*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

